O'ZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA'M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATINDAG'I QARAQALPAQ MA'MLEKETLIK UNIVERSITETI

FIZIKA-MATEMATIKA FAKULTETI

" WEB BETLERDI TAYARLAWDA TIYKARG’I TEGLERDEN PAYDALANIW " TEMASINDA

# REFERAT JUMISI

**Orinlag’an:** Durdibaeva S.

**Qabillag’an:** Arzieva J.

**No’kis-2016**

## MAZMUNI


**KIRISIW ..... 3**

**1-§. WEB BETLERDI TAYARLAWDA TIYKARG'I TEGLERDEN ..... 4**

**PAYDALANIW ..... 4**

**2-§. FREYMLER HAQQI'NDA ULI'WMA MAG'LUWMAT ..... 11**

**3-§.<FRAMESET> TEGININ' ATRIBUTLARI: ROWS, COLS ..... 14**

**4-§.FRAME TEGI HA'M ONIN' PARAMETRLERI (ATRIBUTLARI) ..... 17**

**5-§. MARGINWIDTH HA'M MARGINHEIGHT PARAMETRLERI (ATRIBUTLARI) ..... 19**

**6-§.FREYMLER ARASINDAG'I O'Z-ARA TA'SIR ..... 21**

**7-§. STILLERDIN' KASKAD KESTELERI HAQQI'NDA ULI'WMA TU'SINIK ..... 22**

**8-§.KLASSLAR HA'M SELEKTOR SIPATINDA ISLETILETUG'UN ID ..... 24**

**JUWMAQLAW ..... 25**

**PAYDALANILG'AN A'DEBIYATLAR: ..... 27**

**QOSIMSHALAR ..... 28**

# KIRISIW

Freymler-bul saytti'n' du'ziliwin payda qi'li'w usi'li' esaplanadi'. Bul usi'lda payda etilgen web-beti bir qatar payda etiwshilerge bo'linedi ha'm brawzerdin' bas aynasi'nda bir-neshe g'a'ressiz ya'ki ishpe-ish aynalardan ji'ynap ali'nadi'. Bunday su'wretlengen bettin' ha'r bir komponenti g'a'ressiz HTML hu'jjetten ibarat ha'm ol ekranda <FRAMESET> tegi menen berilgen bo'leginde jaylasadi'. Usi' usi'l, tiykaran, web-betti logikali'q bo'limlerge aji'rati'w ushi'n qollani'ladi'. Mi'sali', joqari'dag'i' freymge bettin' atamasi',shep ta'reptegi freymge navigatsi'ya elementleri, on' ta'reptegi freymge bettin' tikarg'i' teksti, to'mendegi freymge bolsa bet avtordi'n' elektron adresi ha'm avtorli'q huquqlari' haqqi'ndag'i' xabar teksti jaylasti'ri'ladi'. Eger siz navigatsiyali'q knopkalardan birinshi bassan'i'z, onday jag'dayda tek g'ana bir aynadag'i' xabarlar o'zgeredi, basqalari'nda bolsa o'zgermesten qaladi'. Freymdegi xabarlar aynani'n' ko'rsetilgen shegaralardan shi'g'i'p ketse, brawzer aylandi'ratug'un joli'n (полосасын) aynani'n' on' ha'm to'mengi bo'limlerinde ko'rsetip beriledi.

Bizge ma'lim, standart HTML hu'jjetleri eki logikali'q bo'limnen ibarat, yag'ni'y atamalar bo'limi <HEAD> ha'm hu'jjettin' tikarg'i' bo'legin ani'qlawshi' <BODY> bo'limi. Freymlerden paydani'lg'anda <BODY> bo'liminin' ornin <FRAMESET> bo'limi iyeleydi. Ha'r bir freymde su'wretlengen basqa ha'mme hu'jjetler standart ko'riniste tayarlanadi [2,3].

# 1-§. WEB BETLERDI TAYARLAWDA TIYKARG'I TEGLERDEN PAYDALANIW

Son'g'i' waqi'tta Internetti tez pa't penen rawajlani'wi' ha'm oni'n' paydalani'wshi'lari' sani'ni'n' ku'nnen-ku'nge arti'p bari'wi'na baylanisli' Internette tu'rli web betler sani' da artip barmaqta. Internet arqali' sawda-satiq jumi'slari'n ali'p bari'w , arali'qtan turi'p universitetlerge oqi'wg'a kiriw ha'm ataqli' universitetler diplomi'n ali'wi' da mu'mkin. Tu'rli provayderler tek g'ana firma ha'm kompaniyalar ba'lki du'nya boylap milleti, dini ha'm tiline qaramastan a'piwayi' puxaralar ushi'n da internette o'z betlerin jaylasti'ri'w imkaniyati'n usi'ni's etpekte. Internette o'z betin'izdi jarati'w ushi'n siz a'lbette web bet jarati'w texnalogiyasi' haqqi'nda da'slepki tu'sinikke iye boli'wi'n'i'z za'ru'r. Bul kurs jumi'si'nda web bet jarati'w usi'llari' ha'm oni'n' ushi'n en' za'ru'r bolg'an - ***HTML - hyper text markup languague (gippertekstler belgilew tili)*** haqqi'nda da'slepki mag'luwmatqa iye bolasiz. HTML - bul programmalasti'ri'w tili emes, ba'lki web bette tekst, ko'rinis ha'm basqa mag'luwmatlardi' qanday ko'riniste jaylasti'ri'li'wi'n belgilewshi qural.

**WEB SITE.** Egerde internette islegen bolsan'i'z siz internet beti ne ekenligin ko'rgensiz. Mi'sal qi'li'p **http://www.google.uz ya'ki http://www.mail.uz** kibi betlar bular ha'mmesi Internet sitilleri esaplanadi' , olardi' ha'r bir aynashasi' bir web bet esaplanadi' .Ha'r bir internet bet HTML kodlari' arqali' jarati'ladi'. HTML bul **HyperText Markup Language**. Bul deneni, bir programmalasti'ri'w tili esaplanadi'.

**URL ne?** URL bul Uniform Resource Locators, yag'ni'y bul ha'r bir sitildin' ati' esaplanadi'.

Ha'r bir stil ati' hesh jerde qaytari'lmaydi' ha'm basqa jerde isletilmeydi. Bul qaytari'lmas stil ati' esaplanadi'. Mi'sal ushi'n **http://www.mail.uz** tekg'ana

jalg’i’z esaplanadi’, basqa hesh qanday jerde sol atli’ stil ashi’li’wi’ mu’mkin emes esaplanadi’, ha’m ashi’lmaydi’ da.

URL to’rt bo’limnen ibarat esaplanadi’.

Protocol://Server Name:Port Number/File Name

Protocol: bul http protokoli’ esaplanadi’.

Server Name: mail.uz

Port Number: 80, egerde hesh na’rse jazi’lmag’an bolsa bul avtomatik ra’wishte 80 port esaplanadi.

FileName: Ko’binshe ko’rsetilmeydi, serverdin’ islewine baylanisli esaplanadi. **TEG tu’sinigi.** HTML bet ne? - bul a’piwayi’ tekst fayl boli’p, **.html** qi’sqartpasi’na iye. HTML betti jarati’w ushi’n arnawi’ programma sha’rt emes. Tekst redaktorlawshi ha’r qanday programma arqali’ HTML bet jarati’w mumkin. A’ne sonday tekst redaktorlawshi’ a’piwayi’ programmalardan biri bolg’an Notepad (Блокнот), Windows ortali’g’i’nda islewshi ha’r bir kompyuterde bar . HTML bettin’ tiykarg’i’ elementlerinen biri bolg’an Tegler haqqi’nda da’slepki tu’sinikke iye bolsaq.

**HTML TEG:** Bul HTML hu’jjettegi tu’rli elementlerdi (tekst, ko’rinis ha’m basqalar) web bette qanday ko’riniste sa’wlelendiriw za’ru’rligin brauzerge ko'rsetiwshi kamandalar. Tegler ma’lim o'lshem ha’m wazi’ypani orinlawshi kamandalar esaplanadi .

Teg to’mendegi ko’riniste bo'ladi: <TEG>hu’jjet elementi</TEG> Ko'rib turg’anin’izday tegler'<>' u’shmu’yesh ta’rizli qostirnaq ishine alip jaziladi. U’shmu’yesh ta’rizli qostirnaq ishine Teg ati ha’m onin’ o’lshemleri jaziladi [1,3].

To’mende teg ha’m onin’ o’lshemleri jaziliwina mi’sal keltirilgan: <B><FONT COLOR=red>Hello World!</FONT></B>

Mi’salda keltirilgen tegler HTML hu’jjetke kiritilgende Hello World! tekst qi’zi’l ren’de, ajrati’li’p jazi’ladi’. Tegler arasi’nda kiritilgen tekst, teg o’lshemlerinde qanday kamandalar berilgen bolsa sol komandalarg’a boysing’an halda ekranda payda boladi’. Bul mi’salda Hello World! tekstine qarag’anda eki teg isletilgen. 1 - teg <B> ha’m 2 - teg <FONT>. Hello World! tekstsinen keyin ja’ne eki teg </B> ha’m</FONT> jazi’lg’an. Bulardi’n’ parqi sonda, birinshi eki teg ashi’wshi’ ha’m tekstten so'n’ jazi’lg’an eki teg bolsa tekst aldinda jazi’lg’an teglerdi dawami yag’niy jabi’wshi’ tegler esaplanadi . Jabi’wshi’ teglerdin’ wazi’ypasi ashilg’an teg ta'sir maydani tamamlang’anlig’in belgilewden ibarat. HTML hu’jjette derlik barliq teglerdi jabiw za’ru’r. '/' slesh belgisin qosiw arqali jabi’wshi’ teg jasaladi. Esletpe:
Har dayim en’ axiri asqan tegti birinshi na’wbette jabiwdi umitpan’. Teglerdin’ ashiliw ha’m jabiliw tartibin almastirip jibermen’, keri jag’dayda qa’telikler kelib shig’iwi mu’mkin.

Endi itibarin’izdi <FONT COLOR=red> ke qaratamiz FONT (shrift) teg ati, COLOR (ren’) –bolsa tegtin’ qurami’ndag’i qosimsha o'lshem, red (qizil) - ren’nin’ belgisi. Bul teg tekstti qizil ha’rpler menen jaziliwin an’latadi.Bul mi’salda ren’lerdi wwo’zgertiw ushi’n red so'zi ornina basqa ren’ atin kiritsek bolg’ani . Tekst sol waqitta siz kiritken ren’ menen an’latiladi.Usi teg ha’m onin’ qosimsha o’lshemleri qanday jaziliwin eslep qalin’. Bul sizge keyinshelik te kerek boladi’. Teglerdin’ o'shemi bir neshe boliwi mu’mkin ha’m olardi kiritkende ha’r-biri arasi’nda bos katekshe yag’niy probel qaldiriwdi esten shig’arman’. **Teglerdi isletiw sha’rtleri**.Siz HTML de teg tu’sinigi haqqi’nda qisqasha tu’sinikke iye bo'ldin’iz. HTML teglerdi isletkende olardi duris jazi’w za’ru’r a’hmiyetke iye. To’mende teglerdi duris jazi’w ha’m isletiw sha’rtleri haqqi’nda so'z ju’ritemiz. Bul barista to’mendegi nizamlar bar:
• Barliq tegler u’shmu’yeshli qostirnaq ishinde jaziladi: <TEG>

Asiwshi teg -u’shmu’yeshli qostirnaq, teg ati ha’m onin’ qosimsha o’lshemleri (za’ru’r bo'lgan jag’dayda) . Jabi’wshi’ teg - u’shmu’yeshli qostirnaq, '/' slesh belgisi ha’m teg ati.

Probel orqali jaziliwshi tegler o’lshemleri.

Teg atinan son’ onin’ qosimsha o’lshemleri boliwi mu’mkin. Barliq o'lshemler probel arqali ajratib jaziladi. Bir harip ko’lemindegi bos jer qaldiriliw HTMLte probeldi an’latadi.

<TEG 1 - O’lshem = ju’klengen wazi’ypa 2 - O’lshem = ju’klengen wazi’ypa ...> Qostirnaq ishinde jaziliwshi ju’klengen wazi’ypalar ma’nisi. Ma'lim wazi’ypani orinlawshi komandalar ten’lik belgisinen so'n’ qostirnaq "..." ishinde jaziladi. Eger probel isletilmegen jag’dayda qostirnaqti tu’sirip qaldiriw mu’mkin. <FONT SIZE=2 FACE="Times Roman"> Har qiyli qa’telikler kelib shig’iwin aldin aliw ushi’n qostirnaqlarni isletiw maxsetke muwapiq.Bazi bir tegler juwmaqlaw komandasin talap qiladi. Eger siz tegti jappag’an taqdirin’izde bazi bir jag’daylarda qa’telik kelib shiqpaydi,biraq ashilg’an teg o’lshemleri pu’tin hu’jjetke ta'sir qiladi. Keste ishinde jabilmag’an jag’dayda bul qa’telikti keltirib shig’ariwi mu’mkin . Bul haqqi’nda kestelar du’ziw bo'liminde so'z ju’ritemiz. **Teglerdi jabiw qag’iydasi.**Ha’r dayi’m teglerdi turaqli’ tartibke boysing’an jag’dayda jabin’. Birinshi na’wbette en’ aqirg’i ashilg’an teg jabiladi ha’m sol ta’rizde na’wbeti boyi’nsha barlig’i jabiladi. <TEG1> <TEG2> <TEG3> ... </TEG3> </TEG2> </TEG1> .

Teg ha’ripler jazi’w sha’rtleri. HTML hu’jjette teglerdi u’lken ya’ki kishi ha’ripler menen jaziliwi hesh qanday a’himiyetke iye emes. Ha’mme teglerdi u’lken ya’ki kishi ha’ripler menen jazi’win’iz mu’mkin ha’tteki minanday qilip ta jazi’w mu’mkin: <teg></TeG> Sizge ma’sla’ha’timiz: barliq teglerdi bir qiyli formada jazg’an maqul. Teg o’lshemlerin jazi’w ta’rtibi qanday boliw a’hmiyetke iye emes. Teg qurami’’’ndag’i olshemler qanday tartibte jazi’win’iz hesh qanday o’zgerislerge sebep bo'lmaydi .

To’mendegi  eki  variyant da tuwri:

<TEG 1 - o'lshem=ju’klengen wazi’ypa. 2 - o'lshem=ju’klengen wazi’ypa. 3 - o'lshem=ju’klengen wazi’ypa.>

<TEG 3 - o'shem=ju’klengen wazi’ypa. 1 - o'lshem=ju’klengen wazi’ypa. 2 - o'lshem=ju’klengen wazi’ypa.>

HTML hu’jjet ishki qurami’

| | |
|---|---|
|  | **<html>**<head><br><title>Birinshi qa’dem</title></head><br><body><br><p>Sa’lem bul jerge birirnshi tekst kiritiledi<br><br><! - - br tegi mag’luwmat teksti jan’a qatarg’a o`tkizedi - ->**<br>** Xosh kelipsiz!</p><br><br></body><br>**</html>** |

Har qanday HTML hu’jjet ishki bo’limi to’mendegilerden quralg’an boladi’: <HTML>
bul teg HTML hu’jjetti ashi’w ushi’n xizmet qiladi ha’m ol HTML hu’jjetinin’

birinshi ashi’wshi’ ha’m aqirg’i jabi’wshi’ tegi. Onin’ bir g’ana wazi’ypasi, berilgen

hu'jjetti aship atirg'an programmag'a bul fayl HTML hu'jjetligi haqqi'nda xabar beriwden ibarat.

**<HEAD> tegi.**HEAD teginen son' HTML hu'jjettin' sistemali'q xabarlari' haqqi'nda mag'luwmat beredi.

**<TITLE> tegi.** Bul teg ashi'wshi' teg <HEAD> ha'm jabi'wshi' teg /HEAD> arasinda jazi'ladi.

Ashi'wshi' ha'm jabi'wshi' TITLE arasi'nda kiritilgen xabar siz jarati'p ati'rg'an hu'jjet atin an'latadi. Siz kiritken at Brawzer programma ta'repinen ha'm internettegi qi'di'ri'w sistemalari' ta'repinen isletiledi.

**<BODY> tegi.**BODY ashi'wshi' ha'm jabi'wshi' tegleri arasinda jazi'lg'anlarnin' barlig'i sizdin' HTML hu'jjetin'izdin' denesi esaplanadi'. Eger siz usi' teg arasina tekst jazsan'iz ya'ki ko'rinis kiritsen'iz - bulardin' barlig'in brawzer ekranda payda qiladi.
Ha'r qanday HTML hu'jjet to'mende keltirilgen ta'rtipte jazi'li'wi' sha'rt: Internettin' WWW xizmeti ku'nnen-ku'nge rawajlani'p, quramali' mag'li'wmatlar deregine aylani'p barmaqta. Oni'n' ja'rdeminde qa'legen tarawda, qa'legen temada ha'm qa'legen waqitta mag'liwmatlardi qidirib tabiw, olardan paydalani'w, za'ru'r bolsa olardan nusxa aliw mu'mkin. Internettin' usi xi'zmet tu'rinen paydalani'w ushi'n en' birinshi mijaz kompyuterinde tap sonday imkaniyatlardi' jarati'p beriwshi arnawli' programma ta`miynati' boli'wi' za'ru'r. Bunday programma ta'miynati brawzer (Browsers) deb ataladi'.

En' birinshi brawzer CERN (Evropa Fizika Ekspert Orayi) jumisshisi Tim Berner ta'repinen ashi'lg'an. AQShtin' NSCA (Milliy Super Esaplaw Orayi) jumi'sshi'si' Mark Andrisson ha'm bir neshe studentler ta'repinen islep shi'g'i'lg'an Mosaic brawzeri bolsa grafik mag'li'wmatlardi' ekranda ko'rsete ali'wshi' birinshi brawzer bolg'an.

HTML xujjetleri ASCII formati'nda jazi'lg'anli'g'i' ushi'n olardi ha'r qanday tekst redaktori jarati'w ha'm redaktorlaw mu'mkin. HTML tili **<...>** ashi'li'wshi' ha'm **</...>** jabi'li'wshi' ha'reketke tuwri' keliwshi buyri'q **tegler** ko'pliginen ibarat. Bul hu'jjettin' birar bir elementin jarati'w buyri'qlari' boli'wi' mu'mkin. Mi'sali', keste payda etiw ya'ki ko'rinis payda etiw.

Tegler arasi'nan ali'ng'an tekst brawzer ja'rdeminde ekranda payda etilip ati'rg'an waqi'tta berilgen teg ushi'n tiyisli bolg'an qag'i'ydag'a boysi'nadi' (mi'sali' o'lshem ya'ki ren'). Bazi' bir teglerden jawi'p qoyi'w talap qi'li'nbaydi ha'm o'z ha'reketin analog ashi'li'wshi' buyriq payda boli'wi' menen juwmaqlaydi' (mi'sali', dizimdegi qatar, dizimnin' keyingi qatari'n jarati'wshi' buyri'q berilgan ori'nda u'ziledi). Arti'qsha jabi'wshi' tegler sizdin' miynetin'izdi buzbaydi'. Uli'wma alg'anda brawzerler o'zine tani's emes bolg'an buyri'qlardi' ori'nlamay o'tedi. Soni'n' ushi'n barli'q awi'si'q teglerdi jawi'p qoyi'w usi'ni's etiledi. Bul sizdin' hujjetin'izdi oqi'wdi' jen'ilestiredi.

Web bet jazi'w ushi'n bloknot ja'rdeminde HTML fayl jarati'n'. Oni' to'mendegishe atan': index.html , keyinshelik oni' brawzer ja'rdeminde ori'nlaw mu'mkin:

- Joqari'dag'i' usi'l menen payda qi'li'ng'an Web bet belgisi u'stinde ti'shqansha tu'ymesi basi'ladi' ha'm Explorer ashi'li'wi' ku'tiledi.
- Explorer de ashi'lg'an bettin' qa'legen noqati'nda (su'wretten ti'sqari) ti'shqansha ko'rsetkishi qoyi'ladi' ha'm on' tu'ymesi basi'ladi'
- Payda bolg'an menyuden "просмотр-HTML кода" tan'lanadi'.
- Bloknot aynasi' ashi'ladi' ha'm tegler ja'rdeminde tekst redaktorlanadi'.
- Bloknot aynasi' jabi'ladi'.
- Fayldi' saqlaw tuwri'si'ndag'i' sorawg'a «Awa» (Да) deb juwap beriledi.
- Explorer dygi «Овновит» tu'ymesi basi'ladi' («F5» tu'ymesi basi'li'wi' da mu'mkin).
- O'zgertilgen tekst jan'a ko'riniste o'zgeredi.

HTML hu’jjettin’ baslani’w ko’rinisi

***Ta’riyplew tegi.*** Za’ru’r halatlarda ta’riyp beriw ushi’n <!-- ha’m --> belgilerinen paydalani’ladi’.

**<! - - Ma`lim bir ta’riypler jazi’ladi’ - ->**

Tekstli hu’jjetlerden parqli’ ra’wishte HTML hu’jjetlerdegi qatarlardi’n’ u’ziliwi ani’qlanbag’an. HTML-fayldi’ tekst redaktorshi’si’nda ko’rgenimizde qatarlardi’n’ jaylasi’wi’ ha’r qanday ori’nda boli’wi’ mu’mkin,biraq brawzerde bunday uzilis ko’rinbeydi. 68 probel (bos ori’n) orni’na brawzer tek bir ma’rte ko’rsetedi.

Hu’jjetti bo’leklew kestenin’ formatlaw belgileri <p> ha’m </p> menen beriledi. HTML din’ ko’p bo’limi «bag’itlaw» imkaniyati’na iye.

Mi’sali’ to’mendegi qatar «oraydan» jazi’wi’n brawzerdin’ orta bo’liminde payda qi’ladi’:
<p align=”center”> oraydan </p>.

Align ushi’n mu’mkin bo’lg’an ma’nisler:

“center” – oraydan;

“right” – on’nan;

“justify” – eki ta’repten.

## 2−□ FREYMLER HAQQI’NDA ULI’WMA MAG’LUWMAT

Bizge ma'lim bir waqi’tti’n’ o’zinde brawzer aynasi’na eki HTML hu’jjetti ju’kley almaymi’z. Eger biz isletip ati’rg’an Web betlerimizdin’ barlig’i’nda bir qi’yli’ menyu ba’ndleri bar bolsa ha’r dayi’m Web betti ju’klegenimizde bir qi’yli’ mag’luwmat teksti qayta-qayta ju’klewge tuwri’ keledi. Bul mag’luwmatlar onsha u’lken bolmasli’g’i’ mu’mkin,biraq oni ju’klew ma'lim bir sekundlardi’ aladi’. Soni’n’ ushi’n Web betlerdin’ o’zgermeytug’un elmentlerin ha’r dayi’m

ju'klemesten o'zgerissiz qaldi'ri'w kerek. Bul mashqalalardi' sheshiw imkaniyatlari' bar.

Biz bir aynani' bir neshe tuwri' to'rtmu'yeshlerge bo'lip olardi'n' ha'r birine bir HTML hu'jjet ju'klewimiz mu'mkin. Bul tuwri' to'rtmu'yesh bo'leklerdi biz **freymler** deb ataymi'z [2].

Demek, **"freymler"** brawzerdi gu'zetiw aynasi'n izbe-iz jaylasqan bir neshe tuwri' mu'yeshli tu'rlerge bo'liw imkani'n beredi. Bul bo'leklerden ha'r birine

ajiratilg'an HTML-fayl, yag'ni'y basqalardan g'a'ressiz ra'wishte ko'zden o'tkeriliwshi fayllard i' ju'klew mu'mkin. Orni' kelgende freymler arasi'nda o'z-ara baylani'sli'li'qti' payda etiw mu'mkin. O'z-ara baylani'sli'li'q du'zilgende freymlerden birinde joli tan'lansa, basqa freym aynasi'nda kerekli hu'jjettin' ju'kleniwine ali'p keledi [1].

HTML-hu'jjetlerde paydalani'wshi'g'a xabar beriliwinin' tu'rli usi'llari' berilgen bolsada , xabardi' an'lati'wdi'n' freym sistemasi' da o'zinin' ayi'rmashi'li'qlari'na iye.

To'mendegi jag'daylarda freym sistemasi qol keledi:

- Bir tarawda islep atirg'anda basqa bir tarawg'a hu'jjetlerdi ju'klew arqali' basqariwdi du'ziw za'ru'r bolg'anda;
- Ekrannin' basqa jerlerine ne boliwina qaramastan ekranda ha'r dayi'm ko'rinip turi'wi' kerek bolg'an xabardi' ko'zden keshiriw aynasi'ni'n' ma'lim bo'limine jaylasti'ri'w za'ru'r bolg'anda;
- Aynani'n' ha'r biri g'a'rezsiz ra'wishte ko'rip shi'g'i'li'wi' mu'mkin bolg'an izbe-iz bir neshe tarawlari'nda jaylasti'ri'w qolay bolg'an xabardi' uzati'w yamasa beriw za'ru'r bolg'anda.

Freymler sistemasi'n su'wretlew ushi'n <FRAMESET>, <FRAME> ya'ki

<NOFRAME> teglerinen paydalani'ladi'.

Freymlerden du’zilgen Web-betler <BODY> bo’limine iye boliwi mu’mkin emes. <FRAMESET> ha’m </FRAMESET> konteynerleri ha’r bir freymdi belgilew blogi’n orap turadi. Bunday konteynerdin’ ishinde tek <FRAME> tegleri ya’ki kiritilgen <FRAMESET> tegleri bar boladi’.

HTML te freymlerdin’ eki tu’rli ko’rinisi bar boli’p bular a’piwayi’ ha’m su’riliwshi freymler esaplanadi.

Demek, freymli strukturag’a iye bolg’an **<frameset>** ha’m **</frameset>** tegleri ja’rdeminde jarati’ladi’.Bul eki teg arasi’nda payda qi’li’ni’p ati’rg’an bir bo’lek freymlerge tiyisli mag’luwmatlar dag’aza qi’li’nadi’.Bir bo’lek
freymler **<frame>** ha’m **</frame>** tegler ja’rdeminde jarati’ladi’. Eger sizdin’ brawzerin’iz freymlerdi tu’sinbese onday jag’dayda
ekranda **<noframes>** ha’m **</noframes>** tegleri arasinda jazi’lg’an mag’luwmat su’wretlenedi.

**Freymler sistemasi.** HTML 4.0 te standart penen bekkemlengen bolsada, <NOFRAMES> degi freymlerdi qollap-quwatlamaytug’un brawzerler ja’rdeminde ko’zden keshiriwde kerek boladi’. Demak, freymlerge baylani’spag’an brawzerler ushi’n <NOFRAMES> ha’m </NOFRAMES> tegleri jupli’g’i’nan paydalani’ladi’. **Mi’sali’:**
<NOFRAMES>pu’tin HTML-hu’jjet </NOFRAMES>

Usi’ tegler arasi’na jaylasti’ri’lg’an barli’q mag’luwmatlar freymlerdi qollab-quwatlaw imkaniyati’na iye bolmag’an brawzerler ja’rdeminde su’wretlenedi. Freymlerge baylani’sqan brawzerler bolsa <NOFRAMES> ha’m </NOFRAMES> arasindag’i’ barli’q xabarg’a baylani’sli’ emes. <FRAMESET> tegi freymlerdi belgileydi. **<frameset>** teginin’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’ brauzer aynasi’n bir neshe bo’leklerge bo’liw. Buni’n’ ushi’n tiykarg’i’ vertikal ha’m gorizantal boyi’nsha freymler o’lshemi ha’m sani’n ko’rsetip turi’wshi’ isletiledi.

- **cols** parametri brawzer aynasi'na gorizantal boyi'nsha freymler sani' ha'm o'lshemin ko'rsetedi. Parametr ma'nisi si'pati'nda u'tirler menen ajrati'lg'an freymler o'lshemleri dizimi keltiriledi. O'lshemler a'dettegidey sanlarda ya'ki protsentlerde beriledi. Ani'qli'q boyi'nsha 100% ma'nis isletiledi.
- **rows** parametri brauzer aynasi'nda vertikal boyi'nsha freymler sani' ha'm o'lshemin ko'rsetedi. Parametrge ma'nis beriw cols parametri menen bir qi'yli' boladi'.

**3−<FRAMESET> TEGININ' ATRIBUTLARI: ROWS, COLS**

Usi' parametrler ma'nisleri piksellerde, protsentlerde ya'ki qatnas birliklerde beriliwi mu'mkin. Qatar ya'ki bag'analar sani' tuwri' dizimdegi ma'nisler sani'

menen ani'qlanadi'. Mi'sali':**<FRAMESET ROWS = "100, 240, 140">** - u'sh freymnen ibarat ko'plikti belgileydi. Ma'nisler piksellerde berilgen. Birinshi freym 100 piksel, ekinshisi 240 piksel ha'm so'n'g'i' freym 140 piksel biyiklikke iye. **<FRAMESET ROWS = "25%, 50%, 25%">** - ekranni'n' berilgen biyikliginen joqari' qatardi'n' ma'nisi 25 protsent, orta qatardi'ki 50 protsent, to'men qatardi'ki 25 protsent ekenligin bildiredi.

**<FRAMESET COLS = "*, 2*, 3*">** - ma'nisler qatnas birliklerde. **"Juldizsha"** – **"*"**ken'islikti proportsional bo'listiriw ushi'n isletiledi. Ha'r bir juldi'zsha pu'tinnin' bir bo'limin bildiredi. Esaplap tabi'w ushi'n juldi'zshalar aldi'ndag'i' sanlardi' qosi'w ha'm payda bolg'an sannan bo'lshektin' bo'limi si'pati'nda paydalani'ladi'. Joqari'dag'i' mi'salda birinshi bag'ana ayna uli'wma ken'liginin' 1/6, ekinshi bag'ana 2/6, ushi'nshi bag'ana 3/6 bo'limini iyeleydi.

**<FRAMESET COLS = "100, 25%, *, 2*">.**

<FRAME> tegi bir bo'lek fayllardi' belgileydi, bul teg <FRAMESET> ha'm

</FRAMESET> tegleri jupli’g’i’ni’n’ ishinde jaylasi’wi’ za’ru’r. **Mi’sali’:**

```
<FRAMESET ROWS = “*, 2*”>
<FRAME>
</FRAME>
</FRAMESET>
```

<FRAMESET> tegi berilgende qansha bir bo’lek freymler belgi’lengen bolsa, sonsha freym teglerin jazi’w za’ru’r.

Joqari’da keltirilgen parametrler isletilgen mi’sallardi’ ko’rip shi’g’ami’z.

**Mi’sal 1.**

```
<html>
<head>
<title>Freymler </title>
</head>
<frameset  cols="150,*">
<frame  src="1.html">
<frame  src="2.html">
<frame  src="3.html">
<noframes>

<p> Baqi’tqa qarsi’  sizdin’ brawzerin’iz freymlerdi tu’sinbeydi. Brawzerdin’ jan’a versiyalari’nan  paydalani’n’ </p>
</noframes>
</frameset>

</html>
```




Su’wret.1. Freymlerden paydalani’p 2 web hu’jjet payda etiw.

Di’qqat penen HTML kodi’n ha’m onin’ ekranda shi’g’arg’an na’tiyjesin ko’rip shi’g’i’w na’tiyjesinen ko’rinedi, bul erte **<body>** ha’m **</body>** tegleri isletilmegen. Bul tegler arasinda ekranda payda qi’li’ni’wi’ kerek bolg’an barli’q tiykarg’i’ mag’luwmatlar jazi’ladi, **<frameset>** tegi bolsa brawzerge aynani’ freymlerge aji’rati’w haqqi’nda mag’li’wmat beredi. Joqari’dag’i’ mi’salda biz **cols** parametrin eki ma’nisi menen islettik. Bul ma’niste **birinshi freym** ushi’n **150 piksel ekinshi freym** ushi’n bolsa **qalg’an ori’nnin’**’ ha’mmesi isletiliwi ko’rsetilgen. Mi’salda ko’rgenimizdey **<frame>** tegleri ha’r bir freymdi bir bo’lek dag’aza qi’ladi ha’m olardi’n’ qa’siyetlerin ko’rsetedi. Mi’salimizda biz ma’nis si’pati’nda **html** hu’jjettin’ ma’nzilin qabi’l qi’li’wshi **src** parametrin islettik. Bunnan ti’sqari’ biz **<noframes>** ha’m **</noframes>** teglerinen de paydalandi’q. Bul tegler arasi’nda jazi’lg’an mag’luwmat brawzer ta’repinen freym texnologiyasi tu’sinilmegen jag’dayda ekranda payda boladi’. Berilgan wo’lshemde bo’lingen freymler shegarasi’n paydalani’wshi’ ta’repinen wo’zgertiw imkaniyati’ bar. Buni’n’ ushi’n **splitter** deb atlani’wshi’ shegara si’zi’g’i’nan ti’shqansha ko’rsetkishi menen uslap ji’lji’tsaq bolg’ani’. Tiykarg’i’ brawzer aynasi’n bir bag’anada jaylasqan eki freym ha’m qalg’an ori’ndi’ iyelewshi u’shinshi freym ko’rinisinde boli’wi’mi’z ushi’n to’mendegi html kodin jazi’wi’mi’z kerek.

**Mi’sal 2.**

```
<html>
<head><title>u’sh  freym</title></head>
<frameset  cols="20%,*">
<frameset  rows="*,*">
<frame   src="1.html">
<frame  src="2.html">
</frameset>
<frame  src="3.html">
</frameset>

</html>
```




Su’wret.2. U’sh  freymdi  ornatiw

## 4−□.FRAME  TEGI  HA’M  ONIN’  PARAMETRLERI (ATRIBUTLARI)

- NAME
- PAME
- SRC
- FRAMEBORDER=YES/NO (Tek  IE  lar  ushi’n)
- MARGINWIDTH
- MARGINHEIGHT

- NORESIZE
- SCROLLIN’

**<frame>** tegi bir bo’lek freymler qa’siyetlerin ornati’w ushi’n isletiledi. Endi

biz **<frame>**tegine isletiletug’un parametrlar (atributlar) menen tani’si’p shi’g’ami’z.

**name parametri** freymdin’ ati’n ko’rsetiwde isletiledi, buni’ **id parametri** menen almasti’rmaw kerek**. NAME** parametri berilgen freymge gipermu’ra’ja’t sipatinda isletiw mu’mkin bolg’an freymdin’ ati’n belgileydi. **Mi’sali’**:

<FRAME SRC=“sample.html” NAME=“frame1”>
frame1 deb atalg’an usi’ freymge gipermu’ra’ja’t qi’li’ni’wi’ mu’mkin.
Mi’sali’:<A HREF=“other.html” TARGET=“frame1”>frame1 </A>
freymine **other.html** fayli’n ju’klew ushi’n sol jerge tishqansha kursori’ basi’ladi’.

**pame parametri** ja’rdeminde berilgen at tiykarg’i’ freymnen ti’sqari’da jaylasqan basqa bir hu’jjetti ju’klegende teglerde gipermu’ra’ja’t

si’pati’nda isletiledi.

- **src parametri** freymde su’wretleniwi kerek bolg’an HTML hu’jjettin’ URL manzilin beriwde isletiledi. A’dette bunday manzil sipatinda tiykarg’i hu’jjet qaysi katalogta bolsa, sol jerde jaylasqan HTML - fayldin’ atinan paydalani’ladi’ . **Mi’sali:**

<FRAMESET SRC=“sample.html”>

Sebebi , freymndi ko’rinislewde berilgen HTML fayl to’liq HTML hu’jjet

boliwi kerek, yag’niy ol HTML, HEAD, BODY ha’m basqalarg’a iye boliwi za’ru’r. Eger freymnen ko’rinisin su’wretlewde faydalanilsa, onda:

<FRAME SRC="http://www.bhv.ru/exampl.gif">

- **frameborder parametri** freym shegara hoshiyalarinin' bo'liw ya'ki bolmawin ko'rsetedi. Parametr ma'nisi **0** ya'ki **1** sanlari boliwi mu'mkin. aniqliq boyi'nsha parametr **1** ma'nis qabil qiladi ha'm freym shegara hoshiyasi ko'riniwshi boladi'. Eger ma'nis **0** freym shegarasi ko'rinbeydi.

## 5−□ MARGINWIDTH HA'M MARGINHEIGHT PARAMETRLARI (ATRIBUTLARI)

MARGINWIDTH ha'm MARGINHEIGHT atributi freym xoshiya (shegara) ken'ligin belgileydi. Atributlar ma'nisleri piksellerde beriledi. **Mi'sali:** <FRAME MARGINWIDTH = "5" MARGINHEIGHT = "7">

Bul erte freym joqari ha'm to'mende 5 piksel, on' ha'm shep ta'replerinen bolsa 7 piksel shegarag'a iye. Islatiliwi mu'mkin bolg'an en' kishi ma'nis 1 piksel esaplanadi . Demek,

- **marginwidth parametri** freymdin' gorizontal boyi'nsha o'lshemin piksellerde beredi.
- **marginheight parametri** freymdin' vertikal bo'yinsha o'lshemin piksellerde beredi.
- **noresize parametri** freym o'lshemlerinin' o'zgermesligin ta'miynleydi. Yag`niy, NORESIZE parametri (atributi) paydalaniwshi ta'repinen freym o'lshemi o'zgertiriliwinin' aldin aliwda isletiledi. Eger biz bul parametrdi qollasaq paydalaniwshi ta'repinen freym shegaralarin wwo'zgertiw imkani' bolmaydi'. Bul parametrde ma'nis joq. **Mi'sali':**

<FRAME NORESIZE>

- NORESIZE atributinin' bir freymge qarag'anda qollani'li'wi' basqa freymler o'lshemi o'zgertiriliwinin' de aldi'n ali'wi'na sebep boladi'

- **Scrollin' parametri** paydalani'wshi'g'a freymdegi o'tkiziw joli (линейка прокрутки)di basqariw imkani'n beredi. **Onin' sintaksisi**:

<FRAME SCROLLIN'= "YES/ NO/ AVTO"> ko'rinisine iye.

Ma'nis sipatinda to'mendegi **auto**, **yes**, **no** gilt so'zlerinen birin qabi'l qi'ladi'. Ani'qli'q boyi'nsha **auto** ma'nisi qabi'l qi'li'ng'an boladi', bul bolsa freymdegi mag'luwmatlar ko'rinis payda etiwde jaylaspag'an waqi'tta o'tkiziw joli payda boli'wi'n bildiredi. **yes** ma'nisi bolsa freymdegi mag'luwmat su'wretleniw tarawi'na siyiw yamasa siymawina qaramastan o'tkiziw joli' ha'r dayi'm shig'ib turi'wi'n bildiredi. **no** ma'nisi bolsa freymde o'tkiziw joli'ni'n' shi'g'i'wi'n uli'wma qadag'an etedi.

Biz joqari'dag'i' mi'sallari'mi'zda freymler brawzer aynasi'n bir bo'lek bo'leklerge toli'q bolg'ani'n ko'rdik. Biraq freymlerdin' sonday tu'ri de bar, olardi' HTML hu'jjetke tap grafik ko'rinis jaylasti'rg'anday jaylasti'ri'w mu'mkin. Bunday tu'rdegi freymlerdi HTML hu'jjetke jaylasti'ri'w ushi'n **<iframe>** tegi isletiledi. Grafikaliq obiekt jaylastiriw teginen parqli' ra'wishte bul teg o'zinin' jabi'li'wshi' **</iframe>** tegine iye [2-3].

**Mi'sal 3.**

```
<html>
<head>
<title>Freymler </title>
</head>
<body>
<p>Tekst ha'm <iframe src="3.htm"></iframe>freym</p>
</body></html>
```




Su’wret.3. Freymde 3 web bet jaratiw.

## 6-§.FREYMLER ARASINDAG’I O’Z-ARA TA'SIR

Freymler menen islep ati’rg’anda paydalani’wshi’ ushi’n qolay bolg’an hu’jjet ju’klew sxemasin jaratiw mu’mkin. Freymler arasindag’i o’z-aro baylanis hu’jjetlerdi basqa freymdegi buyriqlar ja’rdeminde sol tan’lang’an freymge ju’klew imkani’n beriwinde esaplanadi.Bul maqsette <A> teginin’ **TARGET** atributinen paydalani’ladi’. **TARGET atributi** usi gipermura’ja’t ko’rsetip atirg’an hu’jjet ju’kleniwshi freym ya’ki brawzer aynasi atin belgileydi. O’zgertirilmegen jag’dayda usi parametr joq bolg’anda hu’jjet berilgen freym ya’ki aynada ju’klenedi. Freym ati sipatinda bar ayna ya’ki freym ati beriliwi ya’ki bolmasa jan’a ayna ashi’w ushi’n jan’a at beriliwi mu’mkin. 4 zapastag’i atlar bar. **Olar :_blank**, **_self**, **_top**, **_parent**. Bulardan tisqari **“_”** belgisi menen baslanivshi ha’r qanday attan paydalaniw maxsetke muwapiq emes. **TARGET=“_blank”** – hu’jjettin’ jan’a aynag’a ju’kleniwin ta'miynleydi. Bul ayna atqa iye bolmaslig’i sebepli og’an basqa hu’jjetti ju’klewdin’ ilaji bolmaydi.**TARGET=“_self”** ten paydalanilg’anda hu’jjet berilgen freymge ju’klenedi.**TARGET=“_top”** hu’jjettin’ pu’tin aynag’a ju’kleniwine sabep boladi’.**TARGET=“_parent”** hu’jjettin’ berilgen freymdin’ freym ata-anasi ta’repinen iyelegen tarawi’na ju’kleniwine ali’p keledi.Qurami’ “A” freymge ju’klengen **frame_a.html** faylinin’ bir g’ana **test.html** faylina **TARGET** parametrinin’ tu’rli ma’nislerine iye 6 gipermu’ra’ja’t bar [1].

# 7−□ STILLERDIN’ KASKAD KESTELERI HAQQI’NDA ULI’WMA TU’SINIK

CSS - Stillerdin’ kaskad kesteleri (Cascading Style Sheet) esaplanadi. Stil – hu’jjettegi ya’ki bul elementtin’ sirtqi ko’rinisin belgilewshi qag’iyda esaplanadi. Atamalar, dizimler, avzatslarnin’ ko’rinisin belgili shrift , onin’ ren’i, formasi (qalin’ba? kursivpa? Asti sizilg’anba?) tekst bo’leklerinin’ o’z-ara jaylasiwi ha’m basqa qa’siyetlerdi ko’rsetip stildi belgilew, og’an at beriw ha’m bul stildi teksttin’ tu’rli bo’leklerine qollaniw mu’mkin. Keyinshelik stildin’ jaqpag’an qa’siyetlerin wwo’zgertiw mu’mkin, bul ja’day tez g’ana tekstte su’wretlengen boladi’.

CSSnin’ tikarg’i funktsiyalari:

– qatarlar, so’zler ha’m bir bo’lek tekst belgileri arasindag’i araliqti wwo’zgertiw;

– element (HTML konteynerindegi tekst bo’legi)nin’ shep, on’, joqari ha’m to’mengi maydanlarin belgilew;

– elementtin’shep shegaradan jiljiw shamasin belgilew;

– o’lsheminin’ o’zgeriwi, shrift element atributlari stilleri ha’m t.b;

– element a’tirapinda ҳошия siziq ornatiw;

– elementte fon ko’rinis ha’m fon ren’in belgilew.

Web-betler elementleri teg bolg’anlig’i sebepli CSS texnologiyasi ja’rdeminde tegler ushi’n stil jaratiw mu’mkin. Yag’niy stil kestelerinde web-bettin’ brawzer aynasindag’i ko’rinisin aniqlaw mu’mkin.

W3C standartinda 1 ha’m 2 basqish stillerinin’ kaskad kesteleri (cascading style sheets level 1, 2, CSSI, CSS2) degen atamalar isletiledi.

Stil kestelerinin’ parqlari:

1. Stil kesteleri bettin’ logikaliq du’zilmesin vizual ko’rinisinen ajiratiw imkanin beredi, sebebi HTML tili hu’jjet du’zilmesin belgilew ushi’n jaratilg’an!

2. Jaratilg’an stiller kestesi sayttin’ barliq betlerine qollaniwi ha’m uli’wma sayt boyi’nsha ko’rinis birligi ta’miynlenedi.

3. Eger sayt bir stil tiykarinda jaratilg’an bolsa, onday jag’dayda stiller kestesine kiritilgen ha’r bir o’zgeriw barliq betlerde sog’an tuwri o’zgeriwler

ju'zege keltiredi, yag'niy betpe-bet ju'rip wwo'zgertiw a'melge asirilmaydi, avtomat ra'wishte pu'tkil saytqa qollanadi. Bul jol menen CSS bettin' ekrandag'i sirtqi ko'rinisin tez ha'm qolay wwo'zgertiw imkanin beredi.

4. Stiller kesteleri web-masterlerge betti bezetiw ha'm payda etiw ushi'n, HTML tili qurallarinan parqli ra'wishte, ken' imkaniyatlar jaratadi. Biraq stiller kestesinin' ayirim elementleri brawzerler ta'repinen Qabil qilinbawi mu'mkin, sonin' ushi'n olardan paydalaniwdan aldin tu'rli brawzerlerge qollap tekserip ko'riw kerek.

**Stil kesteleri.** to'mendegi mi'sal: H1 {color:red; } te ko'remiz.

Stillerdi barliq dag'aza (qiliw)lari qag'iydalar (rules) dep ataladi. Bul qag'iydalar eki bo'limnen ibarat boladi':

- selektor (H1) HTML-hu'jjettegi tegnin' maxsetin aniqlaydi (atama, paragraf ha'm tag'i basqa);
- su'wretlew (deklaratsiya) (color : red) berilgen selektor (teg)ke qollaniw ushi'n stil belgileydi.

Su'wretlew (deklaratsiya) u'lken qawsirma ishine alinadi ha'm ol da eki bo'limnen ibarat boladi' : qa'siyetler (color) ha'm ma'nis (red). Olar da u'lken qawsirmag'a jazilip, o'z-ara eki noqat penen ajiratiladi. Ayirim ma'nisler ha'm qa'siyetler stil kestelerinde keltirilgen. Selektorlar u'tir (,) menen, тавсифlar bolsa noqatli-u'tir arqali (;) gruppalanadi.

Mi'sali:

H1, H2 {color:red; font-family:Arial} di to'mendegi eki an'latpa:

H1 {color:red; font-family:Arial}

H2 {color:red; font-family:Arial} ornina isletiw mu'mkin.

Bul mi'salda birinshi ha'm ekinshi basqish atamalari ushi'n bir qiyli – ren'i qizil ha'm ati Arial bolg'an shrift ko'rsetilmekte.

**Miyras aliw.** Miyras aliw–bul bir teg ekinshisinin' qa'siyetlerin miyras sipatinda aliw esaplanadi.

Alding'i mi'sallarda biz <H1>tegi ushi'n qizil ren' bergen edik. Aytayiq, web-betда <H1>tegi ishinde <I> kursiv ajiratiw ushirassin:

<H1> Mi’sal sipatinda elementtin’ qa’siyetlerin <I> miyras aliwi</I> di ko’reyik</H1>

Bul mi’salda miyras aliw teksti usi so’zde miyrasqorliq qizil ren’de (shrift Arial) boladi’, biz <I>tegi ushi’n ren’ ko’rsetpegenimiz ushi’n ol ren’di ana teg, yag’niy <H1> dan miyras qilip aladi.

Bet ierarxiyaliq (yag’niy, ana-bala formasindag’i basqishpa-basqish) du’ziliske iye boladi’. En’ joqari basqishta <HTML>tegi, keyingisinde <HEAD>tegi, onnan keyin <BODY> ha’m tag’i basqa tegler. Biraq a’melde miyras aliw brawzerler ta’repinen ha’mme waqit da aniq su’wretlenbewi aytip o’tiw kerek. Kontekstli (bar jag’day ma’nisine qarap isleytug’un)selektorlar.

Kontekstli selektor – basqa selektor ishine jaylasqan selektor (teg) ushi’n stil belgilewshi teg esaplanadi. Usi:

<H1> Ana element qa’siyetin <I> miyras aliw </I> g’a mi’sal </H1>

mi’sal <I>tegi ushi’n - y <H1> nin’ ishinde jaylasqan - stil belgileydi: H1 I {color:green}

Mi’saldan ko’rinip turipti, kontekst selektor pobel ( bos orin ) nan keyin jaziladi ha’m <H1> tegi ishine jaylasqan barliq <I> tegler jasil ren’ aladi. Bunnan tisqari bir neshe selektorlardi birlestiriw mu’mkin:

H1 I, P B {color:green}

[3,7].

## 8−KLASSLAR HA’M SELEKTOR SIPATINDA ISLETILETUG’UN ID

Aldi’n’g’i’ mi’sallarda stillerdin’ qag’iydalari’ tayi’n teg (selektor)g’a belgilener edi. Qolayli’qti’ asi’ri’w maxsetinde o’z klasslarin’izdi jarati’w ha’m olarg’a stiller belgilew mu’mkin. Atap aytqanda, klass ushi’n at ko’rsetiledi, at noqattan, id at bolsa # дан бошланади:

#content { /* deklaratsiyalar */ }

.details { /* deklaratsiyalar */ }

Eki mi’sal ko’reyik.

1. Bettegi qa’legen tegke beriw mu’mkin bolg’an qa’legen klass jarati’w:

.style1 {color : #0000CC}

#style2 {color : #CC0000}

Bul jerde style1 ha’m style2 – tuwri’ ra’wishte klass ha’m id atlari. Olarg’a qa’legen so’zlerdi isletiw mu’mkin. Bul jarati’lg’an klasslardan paydalani’p atama jarati’w ushi’n class ha’m id atributlari’n qosami’z:

<H1 class="style1"> Atama style1 klasi ja’rdeminde jaratilg’an</H1>

<H2 class="style1"> Atama style1 klasi ja’rdeminde jaratilg’an </H2>

<H1 id="style2"> Atama style2 stili ja’rdeminde jaratilg’an </H1>

2. Klass ha’m id ni tayin tegke baylanistiriw.

P.question {font-style : italic; color:Gray}

P.answer {font-weight : bold}

div#content {font-weight : bold; color:Red}

## JUWMAQLAW

HTML tilinde tiykaran freymlerden ko’p paydalanadi’ . Sebebi freymler menen isleskende olar HTML tilinde an’sat islew imkaniyatlarin beredi.Olar menen isleskende web betlerden bir neshesinen bir waqi’tti’n’ o’zinde paydalaniw mu’mkin. Freymlerden paydalang’anda <FRAMESET> </FRAMESET>, <FRAME> </FRAME> tegleri ko’p paydalani’ladi’.

Freymlerden paydalang’an waqitta onin’ bir neshe parametrlerinen paydalani’ladi’ . Olardan :

marginwidth parametri - freymdin’ gorizontal boyi’nsha o’lshemin piksellerde beredi.

marginheight parametric - freymdin’ vertikal bo’yi’nsha o’lshemin piksellerde beredi.

noresize parametri - freym o’lshemlerinin’ o’zgermesligin ta'miynleydi. Ha’zirgi ku’nde freymlerge qarag’anda Kaskad kestelerden paydalaniw qolayli’ ha’m an’sat esaplanadi’.

Kaskad kestelerge mi’sal keltirgende

H1, H2 {color:red; font-family:Arial} di to’mendegi eki an’latpa:

H1 {color:red; font-family:Arial}

H2 {color:red; font-family:Arial} ornina isletiw mu’mkin.

Budan basqa ko’p g’ana stillerden paydalaniw mu’mkin.

# PAYDALANILG'AN A'DEBIYATLAR:

1. Zokirova T.A , Xodieva R.M , SHoaxmedova N.X "Internet texnologiyalari" "Tashkent – 2006"

2. Maraximov A.R , Raxmanqulov S.I "Internet ha'm onnan paydalaniw tiykarlari" "Tashkent – 2001"

3. SHapran E "Web-bet jaratiw"

4. Axmedov A , Taylaxov N , "Informatika" Tashkent-"O'zbekstan"-2001

5. Abduqodirov A , Xaitov A , SHodiev A "Xabar texnologiyalari" Tashkent-"O'zbekistan"-2001.

6. www.ziyonet.uz

7. www.kitob.uz

# QOSIMSHALAR

1-Mi’sal.

```
<html>
<head><title>u’sh freym</title></head>
<frameset cols="20%,*">
<frameset rows="*,*">
<frame src="1.html">
<frame src="2.html">
</frameset>
<frame src="3.html">
</frameset>

</html>
```



2-Mi’sal.

```
<html>
<head><title>u’sh freym</title></head>
<frameset cols="20%,*">
<frameset rows="*,*">
<frame src="1.html">
<frame src="2.html">
</frameset>
<frame src="3.html">
</frameset>
</html>
```



3-Mi’sal.

```
<HTML>

<!—jobali betke mi’sal-->

<HEAD>

<TITLE>Link page</TITLE>

</HEAD>

<BODY>

<H4>joba</H4>

<!—basqa fayllar  menen giperbaylanislar-->

<h1><A HREF="file_1.htm" target=main>1-Dizim</A>

<P>

<A HREF=" file_2.htm" target=main>2-Dizim</A>

<P>

<A HREF=" file_3.htm" target=main>3-Dizim</A></h1>

</BODY>

</HTML>
```

